# СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫТРЭР

## Мартым и 7-м иоперативнэ сводкэ щыщ

Я 2-рэ **Белорусскэ** фронтым идзэхэмэ мартым и 7-м заохэзэ къалэхэу **Гнев (Меве), Старогорад (Прейсиш Старгард)**—**Данцигы** иекIолIапIэхэм немцэмэ оборонэу щаIыгъым мэхьанэшхо зиIэ иопорнэ пунктхэу щытыгъэхэр аштагъэх, джащ фэдэу фэшъхьафрэ населеннэ пункт 200-м ехъу заохэзэ аштагъэх, ахэмэ населеннэ пункт инхэу **Заабен, Пиншин, Гох Штюбляу, Кошмин, Погуткен, Линево, Ольпух, Дзимэнен, Зоммин, Реков, Луббен, Треблин, Бартин, Цоллбрюк, Альт Беверсдорф, Альт-Шлавин, Дамсхаген, Нойвассер** зыфаIохэрэр ащыщых.

А 1-рэ **Белорусскэ** фронтым идзэхэмэ, наступление ашIызэ, мартым и 7-м къалэхэу **Голлнов, Штепенитц, Массов—Штеттины** иIухьапIэхэм немцэмэ оборонэу ащаIыгъым мэхьанэшхо зиIэ яопорнэ пунктхэу щытыгъэхэр штурмэкIэ аштагъэх, джащ фэдэу фэшъхьафрэ населеннэ пункт 50-м ехъу заохэзэ аштагъэх ыкIи ахэмэ **Вальддивенов, Фритцов, Яссов, Лаатциг, Загер, Паульсдорф, Шютцендорф, Амалиенхоф** зыфаIохэрэр ащыщых.

Фронтым идзэхэмэ пый купэу къалэу **Шифельбайнэ** икъыблаIокIэ къыщаухьурэигъагъэр гъэкIодыгъэным иIоф зэшIуахыгъахэ. Апэрэ даннэхэмэ къызэрагъэлъагъорэмкIэ, мы районым немецкэ солдатхэу, офицерхэу 8000-м ехъу пленэу къыщаубытыгъэх ыкIи Iэшэ пчъэгъабэрэ дзэ мылъку пчъэгъабэрэ къыщаштагъэх. Пленэу къаубытыгъэхэмэ я 10-рэ немецкэ армейскэ корпусым икомандирэу генерал-лейтенантэу **Краппе** ыкIи ащ иштабрэ ахэтых.

Я 2-рэ **Украинскэ** фронтым идзэхэмэ, **Карпат** шъолъырым икъушъхьэ-мэз чIыпIэ къинхэмэ ахэтхэу пыеу къапэуцужьырэр зэшIуакIызэ, мартым и 7-м Чехословакием итерриторие къалэу **Банска Штявница**—немцэмэ яоборонэ иопорнэ пункт лъэшэу щытыгъэр щаштагъ, джащ фэдэу населеннэ пунктхэу **Саса, Бабина, Колпахи, Голруша, Гвоздница** зыфаIохэрэри заохэзэ аштагъэх.

**Венгрием**, озерэу **Балатон** итемыр-тыгъэ къыкъокIыпIаIокIэ ыкIи икъыблаIокIэ тидзэхэмэ пыим ипехотэ ыкIи итанкэ кIочIэ инхэмэ яатакэхэр щыIуафыщтыгъэ.

Фронтым ифэшъхьафрэ участкэхэмэ разведчикхэр ащылъыхъощтыгъэх ыкIи пункт бэкIаехэмэ чIыпIэ мэхьанэ зиIэ заохэр ащыкIощтыгъэх.

Мартым и 6-м къыкIоцIы фронт пстэуми немецкэ танки 149-рэ ащакъутагъ ыкIи ащагъэкIодыгъ. Ошъогу заохэм ыкIи зенитнэ артиллерием имашIохэмкIэ пыим исамолет 29-рэ къыраутэхыгъэх.

## МТС-м пае частхэр ыгъэхьазырыгъэх

Мыекъопэ заводэу тов. Медниковыр зидиректорым Гиагинскэ районым щыщэу Келермесскэ МТС-м шеф дыриI. Трактормэ ягъэцэкIэжьынкIэ мы заводым иIофышIэ коллективы ишIогъэшхо къэкIуагъ.

Электроэнергие икъоу заводым зэрэIэкIэмыхьэрэм пае къамыгъанэу, джырэ благъэ вентиляторым пае зы валик, ащ ищыкIэгъэщтэу зы гайк, шпилькэу 4, болт пользункэхэу 10 ыкIи фэшъхьафхэри ыгъэхьазырыгъэх.

Джащ фэдэу мы МТС-р зыфэещт инструментхэри агъэхьазырых. Заводым идиректорэу тов. Медниковымрэ главнэ механикэу тов. Ротштейнрэ заводым амалэу иIэхэр агъэфедэхэзэ, МТС-м IэпыIэгъоу ратрэр нахьри зэрагъэлъэшыным IофышIэ коллективыр ренэу фызэхащэ. Япредставительхэр ренэу МТС-м агъакIох, запасной частхэу ыкIи инструментхэу ремонтникхэр зыфэещтхэр зэрагъашIэх. Джащ фэдэуи, качествэ икъу яIэу тракторхэр гъэцэкIэжьыгъэнхэмкIэ ремонтникхэмэ IэпыIэгъу афэхъух.

**Хъ. Хъущт.**

## ТхьамэфитIу курсыр аухыгъ

Февралым и 15-м къыщегъэжьагъэу ВКП(б)-м и Шэуджэн райкомы къуаджэм дэс агитаторхэм афэшIы тхьамэфитIу курс къызэIуихыгъагъ. Курсым агитатор комсомольцэхэу ыкIи союзым хэмыт кIэлакIэхэу, пшъэшъэ ныбжьыкIэхэу районым исхэр къекIолIэгъагъэх.

Агитаторхэм товарищ Сталиным итхылъэу „Советскэ Союзым иотечественнэ зэошхо ехьылIагъ" зыфиIорэр, Октябрьскэсоциалистическэ революциешхом ия XXVII-рэ годовщинэ ехьылIагъэу товарищ Сталиным идокладрэ ыкIи иприказрэ арагъэшIагъэх. Географием фагъэнэIосагъэх. Международнэ положением ехьылIагъэу лекциехэм къафеджагъэх, беседхэри адашIыгъэх.

Агитаторхэм колхозникхэмэ агитационнэ-массовэ Iофхэр нахьышIоу зэрадашIэнымкIэ курсым ишIогъэшхо къэкIуагъ. Курсэр къэзыухыгъэ агитаторхэу нэбгырэ 43-рэ райкомым ибюро утвердить ышIыгъ.

**И. Тыгуш.**

## Мыекъуапэ кросс щыIагъ

Красная Армием ия 27-рэ годовщинэ ехьылIагъэу февралым и 4-м къыщегъэжьагъэу и 25-м нэсэу профсоюзнэ-комсомольскэ кросс Мыекъуапэ щашIыгъ.

Кроссым Мыекъуапэ итрудящхэр ыкIи икIэлакIэхэр хэлэжьагъэх. Анахьэу организованнэу кроссым къекIолIэгъагъэмэ Мыекъуапэ дэт сельскохозяйственнэ техникумыр, школэу № 20-р ыкIи фэшъхьафхэр ащыщых. Сельхозтехникумым икомандэмэ янахыбэр ГТО-м ия 2-рэ степеным инормэхэмэ ятын активнэу хэлэжьагъэх.

**Л. Романенко.**

# Колхозхэм япредседательхэм яхэку совещание

1945-рэ илъэсым мартым и 3-м колхозхэм япредседательхэмэ яхэку совещание Мыекъуапэ щыIагъ. Совещаниер зытегущыIагъэр зы вопрос — 1944-рэ илъэсым мэкъу-мэщ Iофэу ашIагъэхэм яитогрэ 1945-рэ илъэсым Iофэу ашIэн фаемрэ ары.

Мы Iофым ехьылIагъэу хэку исполкомым ипредседателэу тов **Джастэм** доклад къышIыгъ.

—БлэкIыгъэ илъэсым,—еIо тов. **Джастэм**, — лIыхъужъыныгъэшхо зыхэлъ Красная Армием немецкэ-фашистскэ техакIохэр ти Родинэ рифыжьыгъапэх. Джы Красная Армием пыер тигосударственнэ границэ чыжьэкIэ шъхьапырифыгъэу, ежь ибы щегъэкIоды. Нибжьи зыфэдэ къэмыхъугъэ текIоныгъэшхохэр ти Красная Армие ешIых.

Немецкэ-фашистскэ оккупантхэм тызащытекIопэщт сыхьатыр нахьри псынкIэу къэгъэблэгъэгъэным фэшIы, тылым иIофышIэхэмэ зэмыблэжьэу, агу етыгъэу Iоф ашIэ.

БлэкIыгъэ илъэсым тихэку итрудящхэмэ социалистическэ мэкъу-мэщ хозяйствэм иIофы бэкIэ зыкъырагъэIэтыгъ. Красногвардейскэ районым иколхозхэмэ гурытым тетэу коц гектары пэпчъ центнер 12,2-рэ къырахыжьыгъ. 1943-рэ илъэсым елъытыгъэмэ, хэкум лэжьыгъэу 1944-рэ илъэсым государствэм ритыгъэр фэдитIум ехъу.

Хэкум и МТС-мэ 1944-рэ илъэсым тракторнэ IофшIэнымкIэ государственнэ планыр проценти 126-у агъэцэкIагъ. 1944-рэ илъэсым МТС-хэм Iофэу ашIагъэхэмкIэ пэрытыныгъэр хэкум щызыубытыгъэхэмэ Тэхъутэмыкъое, Понэжьыкъое ыкIи Теуцожь МТС-хэр ащыщых.

Мэкъу-мэщ хозяйствэм изыкъегъэIэтыны зэрэфэбэнагъэхэм дакIоу, общественнэ былым хъуным зегъэушъобгъугъэными хэкум ирайонхэмэ Iоф дашIагъ. Былым хъуным изыкъегъэIэтынкIэ Тэхъутэмыкъое районым пэрытыныгъэр хэкум щиубытыгъ. Мы районым былым хъуным зегъэушъобгъугъэнымкIэ государственнэ планэу иIагъэр былым пIашъэхэмкIэ проценти 144-у ыгъэцэкIагъ. МэлыхэмкIэ ыкIи нэмыкIхэмкIи планэу иIагъэр ригъэкъугъ.

Мэкъу-мэщ хозяйствэм зыкъегъэIэтыгъэнымкIэ джащ фэдэ гъэхъагъэхэр тиIэхэ нахь мышIэми, джыри щыкIэгъэ инхэр тиIэх. Мэхьанэшхо зиIэ госпоставкэ тынэр 1944-рэ илъэсым тихэку щыгъэцэкIагъэу хъугъэп. Хэкум ирайонхэмэ ащыщэу госпоставкэ тыным иплан зыгъэцэкIагъэр Тэхъутэмыкъое район закъор ары ныIэп.

Джащ фэдэу, мэкъу-мэщ хозяйствэм иIофкIэ тихэку иколхозхэмэ 1944-рэ илъэсым щыкIагъэу афэхъугъэхэр тов. **Джастэм** къыгъэлъэгъуагъэх ыкIи 1945-рэ илъэсым ащ афэдэ щыкIагъэхэр къызхамыгъэфэжьэу, СССР-м и Совнаркомрэ ВКП(б)-м и ЦК-рэ джырэ благъэ унашъоу ашIыгъэр гъэцэкIагъэ зэрэхъуным елъытыгъэу колхоз пэпчъ, район пэпчъ дэгъоу Iоф ашIэн зэрэфаер къыIуагъэх.

Тов. **Джастэм** идоклад къызеухым, докладым ехьылIагъэу Тэхъутэмыкъое районым щыщ колхозэу Я 18-рэ партконференцием ыцIэкIэ щытым ипредседателэу тов. **Ярмоцкэр** къэгущыIагъ.

—БлэкIыгъэ илъэсым тирайоны пэрытныгъэр щызыIыгъыгъэмэ тиколхоз ащыщыгъ, — еIо тов. **Ярмоцкэм**,—фронтымрэ ыкIи хэгъэгумрэ къызэрэтщыгугъырэр къэдгъэшъыпкъэжьыным тыфэбанэзэ, зэкIэ тигубгъо IофшIэнхэр гъорекIо игъом тыухыгъагъэх ыкIи госпоставкэ тынэр ипIалъэм шIомыкIэу дгъэцэкIагъэ. Зерновой культурэхэмкIэ гурытым тетэу гектар пэпчъ центнер 16,6-рэ къитхыжьыгъ. Отечественнэ зэошхом ыпэкIэ былымышъхьэ пчъагъэу тиIагъэм фэдиз джы дэдэм ти фермэхэмэ атет.

Звеновой системыр тиколхозы дэгъоу зэрэщыдгъэпсыгъэм къыхэкIэу, джащ фэдэ гъэхъагъэхэр тшIынхэ тлъэкIыгъэ. Тэ гъэхъагъэу тшIыгъэхэмэ такъыщымыуцоу тапэкIэ нахьышIоу Iоф тшIэщт. Джащ фэшIы икъоу гъатхэм зыфэдгъэхьазырыгъ.

ГъорекIо дэгъоу Iоф зышIэгъэ колхозхэу ыкIи сыд фэдэ IофшIэнкIи хэкум пэрытныгъэр щызыубытыгъэ колхозхэм япредседательхэу тт. **Пэнэшъу** (колхозэу „Пщыщ," Теуцожь район), **Веревкин** (колхозэу Буденнэм ыцIэкIэ щытэр, Красногвардейскэ район), **ЛIыIужъу** (колхозэу „Бжъэдыгъу шъхьафит," Тэхъутэмыкъое район), ащ анэмыкIхэри къэгущыIагъэх. Мыхэмэ 1944-рэ илъэсым сыд фэдэ IофкIи гъэхъэгъэшхохэр зэрашIыгъэ шIыкIэм ыкIи 1945-рэ илъэсым ашIэщтхэмкIэ пшъэрылъэу зыфашIыжьыгъэхэр къаIуагъэх.

Пыер зыщызэхакъутэпэщт сыхьатыр псынкIэу къэгъэсыгъэным фэшIы хэкум ико хозхэмэ, совхозхэмэ ыкIи МТС-хэмэ яIофшIакIэ нахьышIум тетэу зэрагъэпсын фаем, гъэтхэ лэжьыгъэ хэлъхьаныр щытхъу хэлъэу зэшIохыгъэн зэрэфаем ВКП(б)-м ихэку комитеты исекретарэу тов. **Теуцожьыр** къытегущыIагъ.

Совещанием ыкIэм дэжь ВКП(б)-м ихэку комитеты исекретарэу тов. **Давыдовыр** къэгущыIагъ. ЛIыхъужъыныгъэшхо зыхэль Красная Армиеу, шIу тлъэгъурэ товарищ Сталиныр зипащэм текIоныгъэ ин дэдэхэу Отечественнэ зэошхом ифронтхэмэ ащишIыгъэхэр ащ къыIуагъэх.

—Немецкэ-фашистскэ техакIохэмэ яфэшъошэ шъыпкъэм тетэу тадэзекIощт,—еIо тов. **Давыдовым**,—бэрэ пэмытыжьэу Красная Армиемрэ тисоюзникхэмэ яармиехэмрэ зэгъусэхэу текIоныгъэм изнамя Берлины ышъхьагъы щагъэIэщт. ТекIоныгъэр благъэ, къызыщыдэтхыпэщт сыхьатэр джы чыжьэщэп.

ТекIоныгъэр къыдэхыгъэным фэшIы, блэкIыгъэ илъэсым нахьи мыгъэ нахь дэгъоу Iоф тшIэн фае. Фронтымрэ хэгъэгумрэ къызэрэтщыгугъыхэрэр щытхъу хэлъэу къэдгъэшъыпкъэжьын фае.

Совещанием хэтыгъэхэмэ приветственнэ телеграммэ товарищ Сталиным фагъэхьыгъ.

Ответ. редакторэр Н. ШОВГЕНОВА.

МО 01965 АДРЕС РЕДАКЦИИ: г. Майкоп, ул. Первомайская 163, телефон № 0-54. Типография Адыгнациздата. Заказ № 543 Тираж 2795